



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMISYON SÈVIS PIBLIK ETA NEW YORK
APWOUVE PWOJÈ GWO LIY TRANSMISYON KI SOTI NAN KONTE RENSSELAER
RIVE NAN KONTE DUTCHES**

**88 Km liy elektrik wot teknoloji a pral pèmèt plis debi enèji pwòp pou konsomatè
nan sid eta a epi ede konbat chanjman klimatik la**

***Pwojè transmisyon 32 km anplis la pral soulaje konjesyon epi maksimize resous
kouran idwoelektrik renouvlab nan Lwès NY***

***Pwojè transmisyon sa yo ki fè pati Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2021 Gouvènè
a, ap akselere entegrasyon enèji renouvlab nan nò eta a nan rezo elektrik tout eta
a***

Pwojè yo ap kreye travay epi ensite investisman nan ekonomi lokal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la te apwouve Pwojè Solisyon Enèji New York la - yon liy transmisyon 88 km, 345 kilovòl ke valè li estime a 530 milyon dola - soti nan Konte Rensselaer epi pwolonje nan Konte Dutchess pou akselere debi enèji pwòp, fyab pou mache ki gen gwo demann ak konsomatè nan sid eta a. Komisyon Sèvis Piblik la te bay NextEra Energy Transmission New York, Inc. apwobasyon ki nesesè tou pou egzèsè akò minisipal pou konstui Liy Empire State la - yon liy transmisyon elektrik 32 km, 345 kilovòl, ki sitiye nan konte Niagara ak Erie epi ki gen yon valè ki estime a 180 milyon dola, k ap ede soulaje konjesyon epi maksimize debi resous renouvlab yo nan Lwès New York. Apwobasyon sa yo se seri final nan gwo apwobasyon ki te nesesè pou kòmanse konstriksyon nan 402 km otowout transmisyon enèji ekolojik ane sa, jan Gouvènè Cuomo te anonse li nan diskou sou sitiyasyon eta a an 2021 an.

Inisyativ sa yo ogmante kapasite transmisyon pou pwogrese enèji ak efikasite an konfòmite ak objektif Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) ak Lwa Akselerasyon Kwasans Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) alafwa pou bese emisyon kabòn yo epi konbat chanjman nan klima. Yo prevwa pou pwojè sa yo estimile ekonomi lokal ak rejyonal la tou nan ogmante travay ak salè nan endistri konstriksyon an.

"New York se lidè peyi a nan devlope ekonomi vè ak investisman kle pou amelyore fyabilite ak rezistans enfrastrikti enèji Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa yo esansyèl pou ede kreye nouvo otowout enèji ekolojik nou an k ap deplase elektrisite vè nan zòn ki gen gwo demann yo nan fason ki efikas pandan l ap diminye depans yo epi ede kreye nouvo djòb."

Anplis li apwouve Pwojè Solisyon Enèji New York ak Liy Empire State la, Komisyon an te pran de lòt mezi notab sou transmisyon tou, ki se:

- Apwobasyon plan jesyon anviwònman ak konstriksyon an ke LS Power Grid New York, LLC, LS Power Grid New York Corporation I, ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te depoze, pou konstui epi eksplwate Segman II nan pwojè 150 km transmisyon ke yo rele Pwojè Modènizasyon Transmisyon Marcy rive New Scotland lan (Marcy to New Scotland Transmission Upgrade) Komisyon an te apouve pwojè jeneral la nan dat 21 janvye 2021; ak
- Apwobasyon yon pwosesis akselere pou kèk pwojè transmisyon ak distribisyon lokal, yo rele pwojè Faz 1. Pwojè faz 1 yo se pwojè ki reyalizab ki reponn ak objektif fyabilite, sekirite ak konfòmite tradisyonèl men ki ka akselere oswa priyore ankò pou abòde pwoblèm bouchon ak kontrent ki limite livrezon enèji renouvlab nan yon sistèm sèvis piblik. Etap jodi a mete sou pye pwosesis pou rekipasyon depans ak alokasyon pwojè sa yo. Lwa Akselerasyon Kwasans Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè a egzije Komisyon an pou reoryante planifikasyon ak investisman nan transmisyon, pami lòt bagay, pou rive nan reyalizasyon CLCPA a sible.

Anplis, twa mezi pou pwojè transmisyon jodi a pou Pwojè Solisyon Enèji New York, Liy Empire State la, ak Pwojè Modènizasyon Transmisyon Marcy rive New Scotland lan konstui sou apwobasyon Pwojè Pakou Entèlijan anvè Fyabilite Moses-Adirondack la (Moses-Adirondack Smart Path Reliability), Otorite Enèji New York te bay anvan an - yon twonson vital 138 km sistèm transmisyon elektrik ant Nò ak Sid New York e katriyèm pwojè nan pwojè 402 km transmisyon ki nan konstriksyon ane sa. Se [Pwojè Transmisyon Priyorite nan Nò New York la \(Northern New York Priority Transmission Project\)](#), yon nouvo pwojè modènizasyon transmisyon sou plis pase 161 km nan somè eta a, k ap konplete nouvo liy sa yo, ki enkli rekonstriksyon ak ekspansyon liy transmisyon plizyè sou-estasyon ki egziste, k ap pèmèt resous ewolyèn ak solè ki soti nan rejyon North Country a pou ajoute sou rezo a epi pèmèt nouvo pwojè enèji renouvlab yo konekte alavni.

Pwojè transmisyon Pwojè Solisyon Enèji New York la ke New York Transco posede, ap soulaje bouchon elektrik ki egziste kounye a epi pèmèt plis itilizasyon enèji pwòp ki pwodui nan nò eta a, pandan l ap amelyore tou rezistans rezo a epi ranfòse l kont tanpèt. L ap modènize epi ranplase estrikti ansyen 80 tan an ak apeprè 230 estrikti an mwens ki pi modèn. Pwojè a ap nan koridò transmisyon elektrik ki egziste oswa sou tè ki pou itilite piblik ki sou kote yo nan Vil Schodack nan Konte Rensselaer; Vil

Stuyvesant, Stockport, Ghent, Claverack, Livingston, Gallatin, ak Clermont nan Konte Columbia; ak Vil Milan, Clinton, ak Pleasant Valley nan Konte Dutchess.

Liy Empire State la ap ede soulaje konjesyon epi maksimize debi resous renouvlab yo nan Lwès New York, tankou enèji idwoelektrik ki soti nan Pwojè Elektrik Niagara, Otorite Enèji New York la, ak nan enpòtasyon elektrisite ki soti Ontario. Pwojè transmisyon an ap enplike konstriksyon liy transmisyon an epi asosye pòs kòmand nan Vil Royalton nan Konte Niagara ak Vil Alden, Newstead, Lancaster, ak Elma nan Konte Erie.

New York Transco ap travay ak Orange and Rockland Utilities, Inc. ak Central Hudson Gas & Electric Corporation pou devlope modènizasyon siplemantè, ki lye ak enfrastrikti ke Komisyon an te egzije anvan. Fratènite Travayè Elektrik Entènasyonal (International Brotherhood of Electrical Workers) sipòte pwojè a paske li kreye anpil djòb konstriksyon ki byen peye pou Nouyòkè yo. Pwojè a ap fonksyonèl vè fen 2023.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission), John B. Rhodes te deklare, "Travay lidè Gouvènè Cuomo nan peyi a pou kreye yon ekonomi ki pwòp, ekolojik, mande investisman nan nouvo transmisyon entelijan pou konekte elektrisite renouvlab pou konsomatè yo. Pwojè nou apwouve a bay pouvwa sa epi founi travay enpòtan ki pozitif ak avantaj klimatik pou tout Nouyòkè".

Prezidan ak PDG Otorite Enèji New York la, Gil C. Quiniones, te deklare, "Konstui nouvo enfrastrikti transmisyon pou entegre plis enèji renouvlab nan rezo elektrik eta a enpòtan anpil pou nou pou reyalize objektif odasye 70 pousan elektrisite renouvlab vè 2030 Gouvènè Cuomo a. NYPA kontan pou wè pwojè Solisyon Enèji New York ak Liy Empire State la ap avanse. Ak Pwojè Modènizasyon Transmisyon Marcy rive New Scotland lan ak kòmansman Pwojè Transmisyon Pwòp nan Nò New York la dènyèmman, n ap antame otowout enèji pwòp la ki te nesèsè pou modènize rezo nou an, epi asire ke li rezistan, fyab epi abòdab pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo".

Prezidan New York Transco, Victor Mullin, te deklare, "Vizyon Gouvènè Cuomo ak lidèchip solid li dirije nou nan akonplisman enpòtan sa. New York Transco rekonesan pou egzamen apwofondi Komisyon Sèvis Piblik, Depatman Sèvis Piblik la ak lòt ajans yo te fè, ansanm ak angajman kominote benefisyè, biznis ak rezidan yo. Nou rete prè pou kòmanse konstriksyon an epi avanse nan enèji renouvlab New York alavni".

Ajanda sou klima lidè nan nasyon Gouvènè Cuomo a se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo-emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an.

Sa fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan envestisman plis pase 4 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan yap satisfè yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman enèji pwòp pou kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 trilyon BTU (British thermal units) nan ekonomi itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)